

CLASSROOM CONNECT/HIGH SCHOOL FLEXIBLE
PREFERANS MODÈL ENSTRIKSYONÈL POU DEZYÈM SEMÈS LA

12 Oktòb 2020

Chè Paran/Responsab Elèv Classroom Connect/High School Flexible (vityèl)

Nou trè rekonesan pou fleksibilite e efò TOUT elèv, paran, e manb pèsònèl pandan nou ap navige nan kòmansman ane eskolè a.

Lekòl Piblik Collier County (CCPS) vle konnen preferans modèl enstriksyonèl ou pou **Dezyèm Ka a ki ap kòmans 2 Novanm 2020**. Ou kapab chwazi pou kontinye avèk Classroom Connect/High School Flexible (Opsyon 2) enstriksyon lakay nan lekòl ou te anwole a. **Tanpri konplete lyen sondaj la apati vandredi 16 oktòb 2020**, alò lekòl pitit ou a kapab planifye kòm sadwa sou modèl enstriksyonèl ou prefere nan Dezyèm Semès la.

Aktyèlman, Lòd Ijans Komisè a (NO. 2020-EO-06) ap ekspire alafen premye ka a, ki pral enkli modèl inovan CCPS Classroom Connect/orè vityèl High School Flexible nou an. Kòm yon rezilta, yo espere pou tout elèv retounen lekòl 20 janvyè 2021, (19 janvyè se yon Jounen Enstriksyon Vityèl e se premye jou nan 3yèm Ka a/dezyèm semès la) avèk eksepsyon elèv ki anwole nan eCollier Academy (eCA), lekòl vityèl separe nan CCPS. **Si Dekrè Dijans Komisyonè a pwolonje pou depase premye semès la, CCPS pral pote dènye enfòmasyon yo pou ou epi nou ap di ou ki chanjman ki genyen nan opsyon pou modèl enstriksyon yo.**

Yo mete prekosyon sekirite sa yo an plas nan lekòl yo:

- Yo mande pou tout elèv mete mas e nou reyèlman rekòmande pou yo pote linèt pwoteksyon
- Yo mande pou tout manb pèsònèl, enkli pwofesè, mete mas nan lekòl
- Yo pa pèmèt vizite non esansyèl nan lekòl (egzanp, mantò, vandè, e vizit fanmi)
- Yo netwaye salkas e batiman lekòl yo detanzantan. Yo afiche siy pou endike distans sosyal, anplis anpil lòt mezi yo ap pran pou mentni elèv e anplwaye sekirize
- Yo mete estasyon dezenfektan nan chak zòn nan lekòl yo
- Yo ankouraje pou tout elèv e manb pèsònèl lave men yo detanzantan epi/oswa yo mete dezenfektan pou tout moun
- Akoz ajisteman ki ap genyen nan orè lekòl pitit ou a, kapab genyen chanjman pou elèv rete nan Classroom Connect/modèl Fleksib Lekòl Segondè pou Dezyèm Ka a. Lekòl pral fòt efò pou mentni orè konstan pou tout elèv.

EGZANP ESENASYO

ELÈV LEKÒL ELEMANTÈ

- Kèk elèv nan Classroom Connect kapab genyen yon pwofesè nan Dezyèm Semès paske yo kapab konbine klas pou satisfè bezwen planifikasyon
- Yo kapab “melanje” kèk klas avèk Classroom Connect pou elèv ale nan salklas vityèlman an menm tan avèk elèv ki nan kanpis lekòl yo

- Koneksyon La (mizik, desen, edikasyon fizik-PE, resous enstriksyonèl-IR) kapab asenkwòn oswa fleksib (elèv konplete pwòp devwa yo e kapab pa jwenn yon pwofesè nan yon lè pwograme pou enstriksyon an dirèk)

LEKÒL MWAYEN

- Balanse klas kapab lakoz yon chanjman nan pwofesè oswa nan òd sou kijan elèv pran klas
- Akoz chanjan nan orè, elèv kapab mentnan jwenn klas fleksib lè yo te deja anwole nan klas Classroom Connect “an dirèk”

Tanpri [klike](#) isi a pou tande yon odyo yo anrejistre pou eksplike Sondaj Enstriksyonèl pou Dezyèm Ka a.

Tanpri konplete sondaj la apati vandredi 16 oktòk 2020, yon fason pou lekòl pitit ou a kapab planifye nan fason apwopriye pou modèl edikatif ou prefere pou Dezyèm Ka a.

- [Klike isi a pou jwenn sondaj la](#)

Mèsi.

Dr. Kamela Patton
Sipèentandan Lekòl